CIVIC ACTION TEAMS

Coronavirus CivActs Campaign presents

# FAIR FACTS

अंक
१०८
१८।०२।२०७८



# भुखाएल कुत्तासभके खाना खुवाके अभियानमे बनेपाके नौजवानसभ ।

*तस्विर: केशवराज पौडेल*



भेरी अस्पतालमे स्वास्थ्यकर्मी उपर रोगीके नातेदारद्वारा आक्रमण आ तोडफोड, छानबिन आ कारवाहीके मांग करैत स्वास्थ्यकर्मीसभ आन्दोलित ।

*थप विवरणहरुको लागि यहाँ क्लिक गर्नुहोस्*

## अई अंक भित्तर

**कोभिड – १९ रोकथाममे भेल खर्च मन्त्रालय द्वारा सार्वजनिक**

जम्मा खर्च रु. करिब ९ अर्ब ७२ करोड ३० लाख ८३ हजार ।

**११ सप्ताह बितलाके बादो दोसर खोप लगाबके लेल सरकारके कोनो तैयारी नै छै।**

१२ सप्ताहके बाद लगेला सँ ओकर प्रभावकारीता घैटतो प्रभावहिन मुदा नै हेतै ।

**खिस्सा किनाराके – कोभिड प्रभावितके सारथी अनिल**

ढकालद्वारा स्वयंसेवक समुह वनाक कोभिड विरुद्धके प्रतिकार्यमे लाग पड्त कहलाके बाद कर्णाली प्रदेश मन्त्रिपरिषद्के वैठकसँ कोभिड प्रतिकार्यके लेल स्वयंसेवक गठन करके निर्णय केलक ।

# फ्याक्ट सिट

## मन्त्रालय सार्वजनिक केलक कोभिड - १९ रोकथाममे अखनतक भेल खर्चके विवरण

पिसिआर किट, एक्सट्र्याक्सन किट, भिटिएम, एन्टिजेन किट, मास्क, गाउन, सर्जिकल पञ्जासभ, अक्सिजन प्रणाली सुदृढिकरण, आईसियु, एचडियु तथा आरो दवाई उपकरणके व्यवस्थापन, स्वास्थ्यकर्मीके जोखिम भत्ता, नि:शुल्क परिक्षण तथा ईलाज, खोप किन तथा अभियान सञ्चालनके लेल स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालत मार्फत जम्मा

**रु. ५ अर्ब १७ करोड ७२ लाख ८३ हजार**






खोप कार्यक्रम आ एचडियुके लेल भुक्तानी होब बाँकी

**रु. २ अर्ब ५४ करोड ५८ लाख**

बहुतोरास राष्ट्र आ संघसंस्थासँ उपकरण तथा स्वास्थ्यके सामानसभ मार्फत प्राप्त सहयोग

**करिव २ अर्ब**

*(स्वीटजरल्याण्ड ९७ करोड, अमेरीका ४३ करोड, सिंगापुर स्थित सामाजिक संस्थासँ २३ करोड, स्पेन १२ करोड, चीन सरकार ७ करोड, बंगलादेश ४ करोड, राष्ट्रिय तथा अन्तरराष्ट्रिय संघसंस्थासँ १३ करोड)*



जम्मा खर्च

**रु. करिब ९ अर्ब ७२ करोड ३० लाख ८३ हजार**

### कोभिड - १९ व्यवस्थापनके लेल रु. ५ अर्ब २२ करोडके उपहरण सहयोग प्राप्त करके प्रकृयामे

| जर्मन सरकारको KFW | एसियाली विकास बैंक | विश्व बैंक | जापान सरकार |
|---|---|---|---|
| रु. १ अर्ब ४२ करोड | रु. ३६ करोड | रु. २४ करोड | रु. ३ अर्ब २० करोड |

*कोभिड - १९ के द्रुत कार्ययोजनाके आधारमे खोप लगाएत नैदानिक ईलाज आ व्यवस्थापनके लेल १४ अरब श्रोत सुनिश्चित भेल छै ।*

*नोट: प्रस्तुत विवरण २०७८ जेष्ठ १० गते तक के छै ।*

सरकारद्वारा भेल खर्च प्रति आम नागरिकके जिज्ञासा भेनाई स्वाभाविके छै । अखनके जेहन महामारीमे सरकार आरो पारदर्शी भेनाई महत्वपूर्ण होईछै । अई सँ सरकारके नागरिक प्रति जवाफदेही बनावके संगे नागरिकके सरकार प्रति विश्वास मजबुत हेतै । अबेरे सहि सरकार खर्चके विवरण सार्वजनिक केने छै । स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रीद्वारा समय समयमे मन्त्रालय सँ खर्च सम्बन्धी श्वेतपत्र जारी करके प्रतिवद्धता केनाई के सकारात्मक रुपमे लेल जासकैय, लेकिन एकर कार्यान्वयन पक्ष देखनाई बाँकीए छै ।

Source: https://cutt.ly/hnsOoS0

# हल्ला आ तथ्य

पहिल मात्रा खोप लगेने आदमीके ९ सँ १२ सप्ताह भित्तर दोसर मात्रा खोप लेब पड़त कहलगेल छलै । ११ सप्ताह बितलाके बादो दोसर मात्रा खोप लगाबके सरकार के कोनो तैयारी नै छै । समयमे खोप नै लगेला सँ एकर कोनो प्रभाव नै पड़तै ?

विश्व स्वास्थ्य संगठन सेहो कोभिशिल्ड खोपके पहिल मात्रा लगेने आदमीके ९ सँ १२ सप्ताह भित्तरमे दोसर मात्रा खोप लगाब कहने छै । २०७७ फागुन २३ गते के बाद खोप लगेने करिब साढे १३ लाख आदमीके दोसर मात्रा खोप लगाबके समय एलाके बादो तत्काल खोप लगाबके सम्भावना कम छै । १२ सप्ताहके बाद लगेला सँ ओकर प्रभाव घटलाके बादो प्रभावकरीता कम होईतो प्रभावहिन मुदा नै हेतै । अईके लेल सरकार विकल्पसभ खोजिरहल जनौलक अछि ।

Source: https://cutt.ly/gnsPo4l

आदमीसभ प्राय: कोभिड - १९ के लक्षण देखेलाके बाद या संक्रमण पुष्टि भेलाके बाद मात्रे सचेत होई छै । ओई सँ पहिले दोसरकोईके संक्रमित करके सम्भावना कम होईछै ?

विश्व स्वास्थ्य संगठनके अनुसार, कोनो भी संक्रमित आदमीमे कोभिड - १९ के लक्षणके विकास होब सँ दू दिन पहिलेहि सब सँ बेसी संक्रमित करके सम्भावना होईछै । ओई संगे लक्षण नै देखाएल संक्रमित सेहो संक्रमण फैलाब सकके सम्भावना रहैत छै । तहु सँ सेहो सम्भावित संक्रमित के परिक्षण प्रतिवेदन नकारात्मक नै आब तक अलगे रह पड़ै छै ।

Source: https://cutt.ly/4ndvcl7

नेपालमे दोसर लहरके कोरोनाके दर कम होईत जारहल छै, फेर निषेधाज्ञा किया कड़ा बनेने छै ?

अखनो नेपालमे परिक्षण कएल मे सँ संक्रमण पुष्टि होबके दर बहुते बेसी छै । अखनके ई दर, प्रति १०० कोईमे परिक्षण केलापर करिब ३८ कोईमे संक्रमण पुष्टि भरहल छै । एकर मतलब समुदायमे संक्रमण भेल लेकिन, परिक्षण नै केने बहुते आदमी छै से बुझाईत छै । आँकडासँ संक्रमण देखाएके संख्या कम देखाईबतो, हमसभ सामान्य अवस्था दिस जारहल छी कहिक भ्रममे परके नै चाही । प्रति १०० कोईमे ५ कोई सँ कममे देखेनाईके बढिया मानल जाईत छै ।

Source: https://cutt.ly/gnsPo4l

# कोभिड - १९ आ जनानी विरुद्ध होबवला हिंसा
# लकडाउनके अवधीमे यौन हिंसाके घटना बढलै

वास्तवमे कोन बात सँ अपनासभके मृत्युके मुहमे पहुचारहल अछि ? विषाणु ? या दण्डहीनता, भ्रष्टाचार, अप्रभावकारी व्यवस्था आ ईमान्दार नेतृत्वके कमी सँ ?

## २०२० फेब्रुअरी सँ २०२१ मार्च तक घटल जनानी विरुद्धके हिंसासभ

जनवरी २०२०

**१७६**
घटना दर्ता

अप्रिल २०२०

**फेरो सेहो किछ जिलामे लकडाउन**
**२०७७ साउन महिनाके** मध्य सँ
**२०७७ आश्विन १ गते** तक

**२९५**
घटना दर्ता

जुलाई २०२०

**फेरी पनि केही जिल्लामा लकडाउन**
**२०७७ श्रावण** महिनाको मध्य देखी **२०७७ असोज १ गते** सम्म

**३९९**
घटना दर्ता

अक्टुबर २०२०

**३४८**
घटना दर्ता

जनवरी २०२१

**३२४**
घटना दर्ता

अप्रिल २०२१

**१७२**
घटना दर्ता

**प्राय सब जिलामे कोनो नै कोनो प्रकारके निषेधाज्ञा**
**२०७८ बैशाख १३ गते** सँ अखन तक



**७९%** **जम्मा दर्ता भेल घटना मे सँ महिला हिंसा**

स्पष्टिकरण: महिलामाथि हुने हिंसाका घटना सम्बन्धी यो तथ्यांक अनलाईन मिडिया, राष्ट्रिय दैनिकहरू, जिल्ला स्तरमा प्रकाशित हुने पत्रपत्रिकाहरू र नेपाल प्रहरीको वेवसाईटबाट संकलन गरी एकिकृत गरिएको हो । त्यसैले, यसले वास्तविक तथ्यांक भन्दा पनि महिलामाथि हुने हिंसाका घटनाहरूको प्रवृत्तिलाई उजागर गर्दछ ।

बाहर कहल जेहन आँकडा सँ लकडाउनके अवधीमे जनानी विरुद्ध हिंसाके घटनासभ बढल नै देखाबैत छै । उपरके समयरेखा सँ लकडाउनके अवधीमे जनानी विरुद्ध हिंसाके घटना बढल देखाईबतो, ई दर सामान्य अवस्था सँ सेहो उच्च छै । नेपाल प्रहरीके तथ्याँकसँ सेहो २०२० आ २०२१ मे जनानी विरुद्ध हिंसाके घटनाके संख्या ओहने रहल देखाबैत छै । जे होई, जनानी विरुद्ध हिंसाके घटनासभ बहुतेके संख्यामे बाहर आबिरहल छै । एकरा न्यूनिकरण कर सरकारके अपन योजनाके प्राथमिकतामे रखनाई जरुरी छै ।
ओई अवधीमे दर्ता भेल जम्मा घटनामे सँ ७९% यौन हिंसाके घटना दर्ता भेनाई सँ सोचके लेल बाध्य बनाबैत अछि । एकर मतलब, लकडाउनसँ सेहो नेपालमे होबवला यौनजन्य हिंसाके कम कर नै सकल । एहन अवस्थामे सरकार अपन नागरिकके सुरक्षा केना करत ?

Source: https://nepalmonitor.org/

# श्रमिक संगी

Shramik Sanjal

## कतार, कुवेत, मलेसिया आ यूएईमे नयाँ नियमसभ

### कतारः

१ जुन, २०२१ सँ नेपाल आ कतार बीच उडान शुरु होब लागल छै । दुनु खोराक खोप लगेने आ निगेटिभ रिपोर्ट आएल आदमी १० दिन होम क्वारेन्टाईनमे रहके शर्त सहित घर जाय सकैय, त एक खोप लगेने आ निगेटिभ रिपोर्ट भेलसभ होटलमे रह परत आ ३ दिन बाद रिपोर्ट निगेटिभ एलापर घर जा सकैछी । कोनो भी खोप नै लगेनेसभ १० दिन अपने खर्चमे होटल क्वारेन्टाईनमे रह पड्त । नेपाल सँ कतार जायवलाके लेकिन निगेटिभ रिपोर्ट होईतो होटल क्वारेन्टाईनमे रह पड्त ।



### कुवेतः

कोभिड खोपके लेल दैनिक ४ सँ ५ हजार कोईके खोप देल जासकैय कुवेतेके पहिल ड्राइभ-थ्रु खोप केन्द्र ३० मई, २०२१ सँ संचालनमे आएल छै । जाबेर ब्रिजमे राखलगेल ड्राईभ-थ्रु कोभिड खोप केन्द्रमे २० टा बुथ सँ सेवा देल जेतै ।



### मलेसियाः

जुन १ सँ मलेसियामे अत्यावश्यक बाहेकके सब सेवा बन्द रहतै । अत्यावश्यक कामके लेल कामदारसभके फेर पास लेब पड्त । बाहर किछ किनके लेल सेहो परिवार सँ २ कोई मात्रे बाहर जाय पाओत।

### यूएईः

- दुबई एयरपोर्टमे ३-४ घण्टा भितर परिणाम आबवला पिसिआर परीक्षण शुरु भेल छै।
- आबुधावीमे सिनोफार्म बुस्टर लगाब १०० सँ बेसी केन्द्रसभ संचालनमे आएल छै। सिनोफार्म बुस्टरके खोपके तेसर खोराक कहिक बुझल जाईत छै ।



www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी।



# खिस्सा किनाराके

## कोभिड प्रभावितके सारथी अनिल

कर्णालीमे कोभिडके संक्रमण बैढरहल छलै । सामाजिक संजालमे कोभिडके बारेमे आएल डर लागवला समाचार आ मृत्युके आँकडासँ लोकसभमे डर उत्पन्न करहल छलै । अई सँ आम नागरिक, कोभिड संक्रमित आ संक्रमितके नातागोतासभमे नकारात्मक प्रभाव पार सकत से बुझने सुर्खेतके नवयुवक अनिल ढकालके किछ कर परत जेना लागल । तेकर बाद हुनकर नेतृत्वमे सुर्खेतके नवयुवकसभ एकटा फेसबुक पेज खोललैथ "कोभिड जितरहल अछि कर्णाली" । वितल एक महिनासँ अई पृष्ठ सँ हरेक दिन स्वास्थ्यकर्मी, जनप्रतिनिधी ईति प्रत्यक्ष एनाई आ कोभिडके बारेमे सचेत बनाबैत सकारात्मक उर्जा भरवला काम कलरहल छैथ । ढकाल कोभिडके कारण मृत्यु भेल आदमीके शव व्यवस्थापनमे समस्या देखलाह । तै के लेल सामाजिक सञ्जालमे सहयोगके लेल आग्रह केलैथ आ २ कोई संक्रमितके विधीविधान पुर्वक दाहसंस्कार करमे सहयोग केलैथ ।







> राज्यके दायित्व एकटा आदमी निर्वाह करहल देखलाके बाद स्थानिय प्रशासन कोभिडके कारण मृत्यु होबवलाके शव व्यवस्थापने लेल सम्बन्धित निकायके जिम्मेबार बनेलक ।

ई समस्या सेहो समाधान भेलाके बाद ढकाल अक्सिजनके अभाव तथा कोभिड संकटमे प्रदेश सरकार जिम्मेवार बन पड्त कहिक स्थानीय नवयुवकसभके ललक मुख्यमन्त्री कार्यालय आगु धर्ना बैसलैथ । धर्नामे बैसलापर मुख्यमन्त्री हुनकासभसंगे बातचित केलैथ आ विकल्पसभ खोजलैथ । ढकाल तत्काल कर्णालीमे स्वयंसेवक समुह बनाक कोभिड विरुद्धके प्रतिकार्यमे लाग परत से कहलैथ । से कहलाके बाद तत्काले बैसल कर्णाली प्रदेश मन्त्रिपरिषद्के वैठकसँ कोभिड प्रतिकार्यके लेल स्वयंसेवक गठन करके निर्णय केलक । ढकालके नेतृत्वमे सुर्खेतमे अटो एम्वुलेन्सके शुरुवात भेलै । अखन ३ टा अटो कोभिडके संक्रमितके अस्पतालतक पहुचारहल छै । हुनके नेतृत्वमे अखन कर्णाली प्रदेश आयुर्वेद अस्पतालमे रहल आईसोलेशनमे रहल बिमारी आ बिमारी संगे रहवला आदमीके दिन आ रातीके खाना खुवारहल छै ।

ढकालके प्रयास एतबे मे नै रोकाएल छै । अखन ऊ निषेधाज्ञाके कारण बेसहारा बनल नागरिकसभके केना गन्तव्यमे पहुचाएल जासकैय कहिक काम करहल छैथ । तैके लेल सुर्खेत बस पार्कमे सहायता कक्ष शुरु भरहल छै । ढकाल कहैत छैथ, "आई दोसरके परल संकट काल्ही हमरो पर सकैय । हमसभ नवयुवकसभ सब बातमे राज्यके मुह देखक मात्रे नै हेतै । कते समस्यासभ त हमरासभके छोट प्रयास सँ मात्रे सेहो समाधान भळजाईत छै । तेकर बाद त राज्यके आबहे परतै"

# भोइसेस आउट लाउड - हमर बात

हम वीरेन्द्रनगर कोभिड अस्पतालसँ सञ्चालन केने एम्बुलेन्स चलारहल छी । कते रोगीसभ त हम एम्बुलेन्स चलाईबतेकाल मैर गेलैथ । कहुना कहुना अस्पताल पहुचेलौ, अस्पतालमे कोई कोनो सहयोगे नै करत । हम अपने अधिकांश रोगीसभके लेल शैयाके व्यवस्था केने छी । कहियो काल त खाना खायके सेहो फुर्सद नै होईछै, एकटा रोगीके पहुचेलौ, दोसर लेब जाय पड़ैत छै । स्वास्थ्यकर्मी लगाएत आरो त सबके नजरमे परैत छै, लेकिन हमरासभके कोई मतलब नै करैय । पालिका सँ पठेलाके बाद कि केना छै कहिक पुछबो नै करैय । हमरे जेना एम्बुलेन्स चालकसभ अखन दिनराईत कोभिडके रोगीसभके लजारहल छै । हमसभ एकर कठिनाईमे करपरवला सेवाके रुपमे लैत छी ।

## चन्द्र बहादुर थापा

कोभिडका विरामी बोक्ने एम्बुलेन्स चालक,
वीरेन्द्रनगर, सुर्खेत





## लक्ष्मी कुमारी उपाध्याय

नर्स, सेती प्रादेशिक अस्पताल,
कोभिड आइसियू वार्ड, कैलाली

कोभिड १९ के पहिल लहर एलापर सुरक्षाके सामान्य साधनसभ बिना काम करमे डर लागल छल । मृत्युदर कम भेला सँ धिरे धिरे डर सेहो कम होईत गेल छलै । बिमारीसभ सेहो नीक भलक खुशी होईत घर जाईत छलैथ । ओई समयमे अपना सेहो बहुते खुशी आ सन्तुष्टि भेटैत छल । लेकिन, अखनके दोसर लहरमे संक्रमण दर आ मृत्युदर एकदम उच्च छै । हमरासभलग अखन पर्याप्त मात्रामे अक्सिजनके उपलब्धता सेहो नै भेलाके कारण कोशिस केलाके बादो बिमारीसभके बचाब नै सकिरहल छी । बहुते दु:ख लगैय । लेकिन तैयो अपना सकल जते दिन राईत नै कहिक बिमारीसभके नीक बनाबमे लागिरहल छी ।

# FAIR FACTS

is a product of:

CIVIC ACTION TEAMS

**फेयर फ्याक्ट्स** एकटा खुला अभियान छै, जै सँ नागरिक, नेतृत्वकर्ता आ बहुतोरास निकायके एक सुत्रमे जोडैत अछि । साथसाथे, अई सँ कोभिड - १९ सम्बन्धी गलत सूचना आ हल्लासँ निमन्त्रीत करवला समस्याके तथ्यपर आधारित जानकारीके माध्यमसँ समाधान करैत छै । कोरोना भाईरस सँ आमन्त्रीत अखनके अवस्थामे सेहो स्वास्थ्य सेवा, जीविकोपार्जन आ सामाजिक सुरक्षा सम्बन्धी विषयमे जल्दी आ विश्वसनिय सूचनाके जरुरतके जोड् दैत छै । तै सँ सेहो हमसभ स्पष्ट तथ्यके माध्यम सँ परिवर्तनके संबाहक अभियन्ताके एकटा मजबुत संजाल बनाक महामारीके समयमे नै सुनल खिस्सा आ आवाजसभके शक्तिके निष्पक्ष आ न्यायोचित प्रतिकार्यमे उपयोग कर सहयोग करैत छी।

कोभिड - १९ मात्र स्वास्थ्यसँ सम्बन्धित संकटमात्र नै छै, अई सँ शासन प्रणालीके जवाफदेहिता आ निष्ठाके सेहो प्रभावित करैत छै । तै सँ कोरोना भाईरसके हराबके लेल हमसभ तथ्यके खोजी करैत छी, जरुरी जानकारी प्रसार करै छी आ अईके लेल बृहत संजाल बनाबैत छी ।



Brought to you by:

accountabilitylab communities

### DISCLAIMER

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दऽक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।


**REACH OUT TO US ON**

@CivicActionTeams

@civacts

@CivActs

Civic Action Teams

/accountability_lab

Email: civactsnp@accountabilitylab.org

Phone: 9851203219